

Si w kapab, ekri enfòmasyon w jwenn yo nan yon dosye. Yon dosye ap ede w sonje chak etap, epi l ap ede w remake chanjman ki ka vin genyen avèk letan. Pa egzanp, men yon dosye ou ka itilize:

Non manman an		Non pitit la				
Eta fizik	1 ^{ye} è	2 ^{yèm} è	3 ^{yèm} è	4 ^{yèm} è	5 ^{yèm} è	6 ^{yèm} è
Aparans						
Respirasyon						
Batman kè						
Tanperati						
Pwa ak longè			Zèpòl, ponyèt, ak men			
Tèt (zo tèt)			Vant			
Zòrèy			Pati jenital			
Je			Ranch			
Nen ak bouch			Janm ak pye			
Kou			Do			
Lestomak			Po			

APARANS

Ou ka aprann anpil bagay de sante yon bebe lè w byen gade l e w byen koute l. Prete atansyon ak tout bagay! Èske l gwo oswa li piti? Èske l gra oswa li mèg? Èske ponyèt li yo, janm li yo, pye l, men l, kò l, ak tèt li gen yon gwosè nòmal? Èske bebe a kenbe kò l rès oswa èske l rilaks? Èske l ap fè mouvman oswa li ret trankil? Koute l lè l ap kriye. Tout bebe pa kriye menm jan an, men si l bay yon rèl ki dwòl, ki wo, e ki pike, sa ka endike li malad.

Pitit la kagou, li fèb, li pa reveye, oubyen li pa manje byen

Anpil bebe dòmi anpil nan kèk premye jou apre yo fin fèt yo. Yo dwe leve tanzantan pou yo tete. Lè bebe a pap dòmi, li dwe reyaji lè l tande bri oswa si yon moun touche l. Si l pa reyaji, oswa si l sanble li twò fèb, twò lan, oswa kagou pandan premye kèk èdtan apre li fin fèt, li ka gen youn nan pwoblèm sa yo:

- Difikilte pou l respire (gade paj 254)
- Enfeksyon (gade paj 277)
- L ap dòmi poutèt medikaman oubyen remèd fèy yo te bay manman an pandan tranche a
- Li pa gen ase sik nan san l (gade paj 254)